

## ХЕ ÆВЗАГ ДИН - МАДДÆЛОН, ЕСКЕ ÆВЗАГ БА – ÆЦÆГÆЛОН!..

***УАРЗИАТИ Вилен (1952-1995), номдзуд ахургонд, этнограф:* «Ахсгиаг гъуддаг æй еугур мадзæлттæй дæр нæ маддæлон æвзагæй парахаттæй пайда кæнун, æ кадæ ин уæлæмæ есун... Æвзаг культурæй æма æхсæни хæзнатæй гæлст ку уа, фæсдуæртти ку рахауæ-бахауæ кæна, уæд некебал фæгъгъæуй...»**


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№18 (987) 2025 анзи 17 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


## ДУЙНЕЙ ЕУГУР ÆВЗÆГТÆБÆЛ КУ ДЗОРАЙ, УÆДДÆР ДИН ТÆККÆ ФИЦЦАГДÆР ГЪÆУАМА УА МАДДÆЛОН ÆВЗАГ!..



# МАДДÆЛОН ÆВЗАГИ АДÆ – ЦАРДИ АДÆ!..

Нæ номдзуд поэт æма рохситауæг Малити Геуæрги (1886-1942) æ уацтæй еуеми уотæ финста: «Æ маддæлон æвзаг зонгæй æй, дæлдæр ка фæккæнуй, уæхæнттæн мæ æрфæндуй зæгъун: «Ци бегарæ дæбæл ес, дæумæ ка игъосуй, еци адæмæн æцæгæлон æвзагбæл дзорун?..» Еци загъд нин абони дæр ахсгиаг æй, гъæуама 'й нæ зæрдæмæ есæн фæдзæхсти хузæн æма нин имонау уа нæ маддæлон æвзаг, æ кадæй æй цитгин кæнæн. Уобæл дзурдтонцæ, мæнæ евгъуд цуппæрæни, 15 майи нæ маддæлон æвзаг æма литератури бæрæгбони Малити Геуæргий рохс ном æримисуни туххæй Дзæуæгигъæуи æ циртдзæвæни рази ци дзиллæ æрæмбурд æй, етæ дæр. Хуарз уидæ, уоми ци гъудитæ æма фæндитæ райгъустæй, етæ царди ку фæббæрæг уиуонцæ бæлвурд гъуддæгутæбæл архайгæй. Уæд нæ маддæлон æвзаги уавæр уоййасæбæл сагъæссаг нæбал уидæ. Сагъæссаг ба нерæнгæ ма берæ цæмæйдæрти æй, æма уой туххæй æрмæг ба кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

## НОМЕРÆН



### ДЗИЛЛÆН – ФАРНÆХÆССÆГ

Хуæнхон Дæргъæвси цæрæг **Токати Инуси** берæсувæллонгин бийнонтæ кæд берæ гъезæмæрттæ бавзурстонцæ, уæддæр син сæ цардвæндаг амондгун исхонæн ес. Фиццагидæр уомæ гæсгæ, æма си рацудæй Иристони кадæн ка фескъуæлхтæй, берæ хуæрзтæй ин рæстуодæй ка балæггадæ кодта, уæхæн цæуæт. Уонæй нæ дзиллæн уæлдай зундгонд æнцæ Инуси дууæ фурти – **Алихан** æма **Асæх**, нæ номдзуд финсгутæ-рохситаугутæ. Уонæй абони сæрмагондæй имисæн Асæхи – 10 майи æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма фондзинсæй анзи (1910-1994). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 3, 6-7-аг фæрстæбæл.

## НÆУÆГ КИУНУГÆ




### «МÆ ЦАРДИ ФÆДБÆЛ РАХАСТОН МÆ ЦÆСТÆ...»

Æрæги Дзæуæгигъæуи рауагъдадæ «Веста»-йи мухури рацудæй киунугæ – фотоальбом «Ходи Камали цардвæндаг». Бацæттæ 'й кодта æ бийнойнаг **Ходи Валентинæ**. Арæзт æй зундгонд æма искурдиадæгин поэт, тæлмацгæнæг Ходи Камали биографион æма библиографион æрмæгутæй æма æ цард, берæвæрсуг исфæлдистадон æма æхсæнадон цардбæл дзорæг алли æнзти ист къартæй.

...Камал кæддæр е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста: «Мæ царды фæдыл ахастон мæ цæст...» Нур ба æ бæсти ин æ цардвæндаги хабæрттæ æма цаутæбæл сæ цæстæ рахастонцæ æ номерæн киунугæ исаразгутæ. Æма си Хуцау арази уæд, æгайтима уæхæн арфиаг гъуддагбæл уотæ зæрдиагæй байархайдтонцæ...

*ГÆДИАТИ Цомахъ (1882-1931), финсæг, æхсæнадон архайæг: «Фæллойнæ кæнун, иуæнгтæ æма зунди хъаурæ бæлвурд нисантæбæл харз кæнун, фæллойнæй хуарздзийнæдтæ аразун, – е æй гъомбæл æма ахур кæнуни æцæг бундор...»*



# «ДОГЪИ МА УОТÆ ФÆСТАГ!..»

Мæхчески гъæуи астæуккаг скъолай тургъæмæ куддæр бакъахдзæф кæнай æма си уоми азгъунсти фарсбæл, аци ахурадон уагæдонæ Малити Геуæргий ном хæссуй, зæгъгæ, ку бакæсай, уæд зæрдæбæл уайтæккæдæр æрбалæууй нæ табуйаг поэти алæмæти æмдзæвгæ «Федог»:

*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом.*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*
*Арвмæ мæсуг амайетæ,*
*Хормæ скæнетæ фæндаг,*
*Гъæйт, зæрдиуагæй уайетæ,*
*Догъи ма уотæ фæстаг!*

Догъи ма уотæ фæстаг… Поэти аци фæдзæхст сæргондæн хумæтæги нæ исæвардтан нæ абони радзубандийæн. Аци скъолай педагогон коллектив дæр уодуæлдайæй уобæл архайунцæ, цæмæй нæ кæстæртæ цардарæзти гъуддæгути ма уонцæ фæстаг, сæ ирисхъи хабæрттæ æнтæстгинæй аразунгъон уонцæ. Уой хæццæ ба син цитгийнаг уонцæ нæ адæми федауцæ æгъдæуттæ, нæ маддæлон æвзаг, цæмæй æй зæрдæй лæдæронцæ, аци дуйнебæл хе æвзаги нимайундзийнадæ æма уобæл дзорунгъонæй устурдæр хуарздзийнадæ ке нæййес, уой. Æвзаг æма културæ – аци дууæ фæлхæни ци адæмихатмæ нæ уонцæ цæрæццаг, уой æдзунд, лæдæрагæ искондадæбæл банимайæн уогæ дæр нæййес. Æвзаг æма культурæ бæрæг кæнунцæ адæми зундирахаст, сæ цардиуагæ, уой хæццæ коммæ баст æнцæ се 'гъдæуттæ æма æфсарæ дæр.

Уомæ гæсгæ ба аци скъолай коллективи архайди ахурадон гъуддæгути æмбæрцæ зингæ æргом æздæхт цæуй зонадонгъомбæладон мадзæлттæ аразунмæ дæр. Мадта сæ бацæттæ кæнун æма исаразунбæл дæр алкæддæр хъæбæр æновудæй æма хъæппæресгинæй байархайунцæ. Уомæ гæсгæ ба ма уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма аци æгъдау ами рагон фæткæ 'й, фæлтæрæй-фæлтæрмæ æнхæстгонд цæуй.

Скъолай анзфинст хъæбæр гъæздуг æй аллихузон зæрдæмæдзæугæ цаутæ æма хабæрттæй. Ирæфи райони ци дууадæс скъолай ес, уонæн сæ тæккæ рагондæртæй æй – цæуй ибæл æххæсæзинсæй анземæй фулдæр. Советон доги размæ си адтæй дини скъола, кустонцæ си диникустгæнгутæ, фæстæдæр ма си сæргълæууæгæй куста саугин **Лаврентий Церетели**, æ уæлзæнхон цардæй ку рахецæн æй, уæд æй æвæргæ дæр скъолай тургъи бакодтонцæ. Абони дæр ма ин æ циртмæ зелунцæ ахурдзаутæ. Уогæ Церетели кæстæрти айдагъ ахурадон зонундзийнæдтæй нæ ефтонг кодта, фал ма сæ фæллойнæ кæнунбæл æхцул кодта. Дессаг адтæй е дæр, æма уæд Мæхчески устур рæзбун исаразта. Абони уæнгæ дæр ма æ ниййарæзт бæлæстæй цалдæр рæзæ дæттунцæ. Советон доги ба скъола æ ахурадон архайд нæуæг хузи райаразта. Еугур еци гъуддæгутæ ке хъиамæтти фæрци арæзт цудæнцæ, етæ кæд раги бацудæнцæ се 'носон дуйнемæ, уæддæр сæ абони дæр ма устур зæрдæхцæуæндзийнади хæццæ имисунцæ фæлтæртæ. Етæ адтæнцæ: **Гарданти Михал, Малити Геуæрги, Тауасити Фацбай, Колити Юрий, Темирати Додтий, Скъодтати Барис æма Сафиат, Хадати Къайтук** æма иннетæ. Хатирæй нин фæууæд, сæ еугурей рохс нæмттæ ке нæ æримистан, е – уомæн ма равгæ уодзæнæй.

Еци хъиамæтгун адæймæгути арфиаг гъуддæгути фарнæ ба абони идарддæр хæссунцæ скъолай нури ахургæнгутæ, сæ сæргъи **Гобати Станислав**, уотемæй. Уомæн берæ дæнцитæ 'рхæссæн бæргæ ес, фал сæ еугурей кой ракæнун нин нæ бантæсдзæнæй. Фал уин абони ракæндзинан, æрæги скъолай ци зæрдæмæдзæугæ мадзал арæзт æрцудæй, уой хабар. Æ ном адтæй «Æргом урок маддæлон æвзагбæл», æма, зæгъун æнгъезуй, рауадæй си дессаги зæрдæхцæуæн бæрæгбон. Амонæг ба си адтæй ахургæнæг **Синати Зæлинæ**. Аци скъолай кæд уотæ берæ æнзти нæма косуй, уæддæр æхе равдиста дæсни æма арæхстгин ахургæнæгæй. Хуарз лæдæруй æвзагæн æхсæнади цардарæзти ци нисанеуæг ес, æ ахедундзийнадæ цæй медæги æй, уой. Æма æновудæй архайуй æ зонундзийнæдтæй ирæзгæ фæлтæрти æнхæстæй фæххайгин кæнунбæл. Еци гъуддаг æ къохи æнтæстгинæй ке æфтуйуй, уомæн бæлвурд æвдесæн иссæй аци мадзал дæр, уæд ин уой исарæзти фæдбæл ци берæ арфитæ загъд æрцудæй, етæ дæр. Мадзали архайунмæ Мæхчески скъоламæ æрæмбурд æнцæ райони ахуради хайади сæргълæууæг **Хъæбæлоти Залим**, скъолати маддæлон æвзаги ахургæнгутæ. Архайдтонцæ си нæ зундгонд финсгутæ, литературон-аййевадон журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор Скъодтати Эльбрус æма æ хуæдæййевæг **Колити Витали**, етæ скъолайæн балæвар кодтонцæ аййевадон киунугутæ.

Цæмæдесаг рауадæй урок. Ахурдзаутæ си дзурдтонцæ Малити Геуæргий, Багъæрати Созур æма æндæр зундгонд поэтти æмдзæвгитæ, равдистонцæ хецæн инсценировкитæ. Мадзали архайгути зæрдитæ сæ аййевадæй барохс кодтонцæ райони культури хайади исфæлдистадон къуари иуонгтæ. Æхе æргъудигонд кафт ракодта **Мæрзойти Камиллæ**.

Сувæллæнттæ куд дзорунцæ сæ маддæлон æвзагбæл Иристони финсгути уадзимистæ, уомæ байгъосун адтæй устур æхцæуæн гъуддаг.

Мæ радзубандий кæронбæттæни ба ма мæ уой зæгъун фæндуй, æма цæйбæрцæбæл ахсгиаг æй ахургæнæги фæллойнæ. Уомæй берæ аразгæ 'й, цæмæй нæ кæстæртæ байлæгъ кæнонцæ нæ зæрди фæндæуагæ, цæмæй си уæн боз æма сæрбæрзонд.

Скъолай ахургæнæги кустæй абони уæнгæ устур бунтæ некæдма неке искодта. Уæлдай фæрсаг материалон фæрæзнитæ си некæцæй æрбахæсдзæнæ дæ хæдзарæмæ. Уæддæр разиннуй уæхæнттæ, æма сæмæ мулкитæ искæнунæй уæлдæр кæмæ фæууй сæ хъауритæ ирæзгæ фæлтæртæн раттуни нифс æма разæнгарддзийнадæ. Етæ сæ уоди гъарддзийнадæ еугурæй дæр исаккаг кæнунцæ ирæзгæ фæлтæри гъомбæладæн, царди сæ фæрræствæндаг кæнунæн. Куд нæ уæн уонæй арфиаг мах нæ еугур дæр!.. Кадæ æма син табугæнгæ æй еци ахургæнгутæн.

Гъо, зин æй ахургæнæги куст, зин æй кæстæр фæлтæрти хæццæ архайун, уæлдайдæр ба нури доги. Еуæрдигæй, ахургæнгутæмæ устур домæнтæ ес сæхемæ, иннердигæй – ахурдзаутæн сæ зундирахаст, алкæд æма алцæмæй бустæги рæстмæ нæ фæууй, æртиккагæй ба ахурадон программитæ бустæги вазуггин, цæмæйдæрти ба æнæлæдæрд дæр…

Еци увавæрти ахурдзаути хæццæ еумæйаг æвзаг иссерун дæр æнцон гъуддаг нæй. Фал уæддæр нæ ахуради косгутæ – еумæйагæй райсгæй – арæхсунцæ сæ арфиаг ихæстæ æнхæст кæнунмæ. Уомæн хуарз æвдесæн иссæй, мæнæ ке кой ракодтон, æвзаги еци бæрæгбон. Æма æ исаразгутæн ба мæ зæрдиагæй фæндуй зæгъун: «Берæ ма уин куд æнтæса, уæхæн хъаурæ уæмæ уæд алкæддæр!..»

Нæ кæстæртæн ба сæ зæрдитæбæл еума хатт æрлæууун кæндзинан Малити Геуæргий фæдзæхст:

*Рохсмæ, фæсевæд, тундзетæ,*
*Рохсмæ цæуетæ æнгом,*
*Нифс, лæгдзийнадæ уарзетæ,*
*Скæнтæ муггагмæ стур ном.*

***ГИБИЗТИ Регинæ***





**Зундгонд поэт æма публицист, Цæгат Иристони културæ æскъуæлхт косæг Хæмицати Федори фурт Албеги райгурдбæл 5 майи исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи (1940-2014).**

***БÆЦИАТИ Агудз, аййевадæртасæг: «Токати Асæх æй, Ирон театри дуæрттæ æртинæймаг æнзти урух ка байгон кодта, еци исфæлдистадон интеллигенций минæвæрттæй еу... Уонæн сæ берæ фæрнæйдзаг гъуддæгутæ нæ зæрдæбæл ку æрлæуун кæнæн, уæд си нæ дзиллæй кæцифæнди адæймаг дæр фæууй сæрустур...»***



ТОКАТИ Асæх
(галеуæрдигæй æртиккаг)

# ДЗИЛЛÆН – ФАРНÆХÆССÆГ



**МÆРЗОЙТИ Сергей** (1927-2008)
Цæгат Иристони адæмон финсæг

***– Берæ рæсугъд фæндитæ, берæ арфиаг гъуддæгутæ ма исаразуйнаг адтæй Асæх. Æцæг ин сæ исæнхæст кæнун ба, гъулæггагæн, æ къохи нæбал бафтудæй, фал ин ци бантæстæй прозæ æма драматургий, уæдта иннæ жанрти дæр, уомæй æхецæн дæр æма нæ национ культурæн дæр искодта кадæ æма ном, аккаг бунат иссирдта нæ литератури æма аййевади анзфинсти…***

Игъæлдзæг, хæларзæрдæ, курухон лæгæй зудтон Токати Асæхи. Медбилходгæй Фæлвæрай зар ку низзаридæ («Сой, Фæлвæра, дæ хорзæхæй»), уæд адæймагмæ уотæ кастæй: аци лæг зиндзийнадæ некæд бавзурста. Æхе зартæ дæр – Атарбеги зар, Хъазий зар, «Косер, Косер, æдзух фæккодтон, ды та мыл куыйтæ сардыдтай» – идзаг æнцæ ирд æнкъарæнтæй, æвдесунцæ æригон уоди игъæлдзæг зæрдиуагæ. Асæхæн æ пьеситæн дæр сæ фулдæр комедитæ ’нцæ. Мадта Ирон театри сценæбæл ци рольтæ рагъазта, уони ’хсæн дæр бæрæг дарунцæ, комедион рахаст кæмæн ес, уæхæн сорæттæ, уæлдайдæр ба Нарти Сирдони роль.

Еске зæгъдзæнæй, æвæдзи, Асæхи цардвæндаг арфиаг адтæй, хъисмæт ин искарста рæсугъд амонд, уæззау хæрди некæд исуадæй. Æма фæррæдуйдзæнæй.

Хонхи Дæргъæвси цардæнцæ Токати цардбæллон бийнонтæ. Берæ адтæнцæ Инусæн æ даруйнæгтæ – еуæндæс кизги æма дууæ биццеуи. Сæ ервæзунгæнæг зæнхæ бæргæ адтайдæ, фал æй ци Хуцау лæвардта. Дæргъæвсæгти зæнхи гæбæттæ рæгътæй зиндтæнцæ мæгур хуæнхаги курæти æмпъозæнти хузæнæй. Дзубури фæсте цудайдæ, нихæси бадтайдæ, идард балций рараст уидæ – адæймагæн марамæлай къæбæрбæл адтæй æ сагъæс.

Еугур еци гъуддæгутæ-хабæрттæ Асæх базудта, бавзурста сæ æхе цардиуаги уавæртæй æ сабийбонти, æма цалинмæ цардæй, уæдмæ сæ имиста кенæ цийнæгæнгæй, кенæ ба хъурмæгæнгæй. Фондз анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд рамардæй æ фидæ, дæсанздзудæй ба байзадæй бустæги седзæрæй. Сабийæй рараст æй Асæх æ фидиуæзæгæй æнæбари бæлццони уæззау уаргъи хæццæ. Къахфехсуд бацæй ихуæрстæй кедæр фонси фæдбæл гъонгæсæй зелгæй Дæргъæвси, Хъобани, Илларионовски. Уой фæсте бафтудæй седзæрти хæдзарæмæ. Фæцæй си æртæ анзи. Рабайлæгъ æй. Косун райдæдта типографий, уæдта ’й райстонцæ хуæнхаг адæмти минæвæртти рабфакмæ.

Куст, ахур, фудæбонæ – æндæр неци зудта хуæнхаг биццеу, фал бæлдтæй хуæздæр бонмæ, æма ибæл хæрхæмбæлд фæцæй. Æвæдзи, литературон æма драмон къуæртти ке архайдта, е ин фæййагъаз æй. Æ цардвæндаг æма æ искурдиадæ байеу æнцæ, исæнхæст æй æ бæлдæ, зæрдæргъæвд биццеутæ æма ’й кизгутти хæццæ рарвистонцæ Мæскумæ, ахур кæнунмæ театралон студимæ. Седзæр биццеу базонгæ ’й аййевади тæккæ вазуггиндæр хузтæй еу, сценикон архайди сосæгдзийнæдти, аййев дзурд æма уæлтæмæнади хуæрзти хæццæ. Царди уæззау уаргъ, æ рæдау зундамонгутæ Станицын, Раевский æма иннети хуарзæнхæй исбазургин æй Асæх.

Æнæ фæззингæ нæ адтæнцæ исуйнаг актер æма финсæгти зундирахастбæл æ хестæр æнсувæр Алихани цардвæндаги дæнцитæ, уой удуæлдай тох рæстади сæрбæлтау, æ алæмæти исфæлдистадæ... *(Токати Алихани туххæй нæ газети дæр мухургонд цудæнцæ хецæн æрмæгутæ, æ уадзимистæй кæцидæртæ – Ред.)*

Æ фарнæ мæрдтæмæ нæ фæххаста, æ кæстæр æнсувæр Асæхæн æй хуæздæр лæварæн ниууагъта.

Тугъди размæ ирон профессионалон театрбæл исæнхæст æй фондз анзи. Хуæрз цубур рæстæг райевгъудæй, фал театри иссирдта æхе исфæлдистадон над, хъазардæр ин ка адтæй, еци æгъдæуттæ æма фæткитæбæл фæххуæст æй, исбæрæг æнцæ æ идарддæри ирæзти нисантæ, коллективи цардгъондæр менеугутæ уæд равзурдæнцæ.

Еци ахсгиаг гъуддæгутæмæ агъазиау байвæрæн бахаста Токати Асæх дæр. Хъæбæр ахедудтонцæ театрдзаути цæстити, Асæх ци рольти рагъазта, етæ. Фарлипополи Гольдоний пьесæ «Хозяйка гостиницы»-йи, Сирдон Соколовскийи пьесæ «Сырдоны байзæттаг»-и, Аслæнбег Бритъиати Елбиздихъой «Дыууæ хойы», Венеций дож Шекспири «Отелло»-й, Мазухин Треневи пьесæ «Любовь Яровая»-йи, Корнейчуки пьесæ «Платон Кречет»-и, Гаржибюс Мольери комеди «Летающий доктор»-и æма берæ æндæртæ.

Берæ рæсугъд фæндитæ æма бæлдитæ адтæй Асæх æма е ’мбæлттæмæ. Фал уæдмæ райдæдта Устур Фидибæстон тугъд. Æ райдайæни Асæх дæр фиццæгти хæццæ рандæй Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ. Æма сабур царди рæстæгити кæд сценæбæл дзурдта адæймаги рæсугъддæр менеугутæ царди ниффедар кæнунбæл, уæд сæ нур ба тохæнгарзи хæццæ гъæуай кодта цифуддæр знагæй. Лæгдзийнадæ æма ’хсарæй фескъуæлхтæй тохи будури, уомæн ирд æвдесæн иссæнцæ æ тугъдон хуæрзеугутæ.

Тохвæлладæй æрбаздахтæй Асæх фронтæй æма бавналдта æ уарзон кустмæ. Актер иссæй режиссер, театри литературон хайади сæргълæууæг, театри директор. Куд удуæлдай адтæй æ архайд, уомæ гæсгæ уотæ зæгъун дæр æнгъизтæй, æма Ирон театр Асæхæн иссæй æ ирисхъæ. Фал уæхæн гъуди бустæги раст нæ уодзæнæй уомæн æма æ исфæлдистадон равналæнтæ берæ урухдæр разиндтæнцæ. Ирон театри зингæ архайæг ку нæма иссæй, уæддæр тулаваст адтæй нивæфтуд дзубандимæ. Райдайæни бал æ хъауритæ æвзурста, æ лæги кари ку бацудæй, уæдта литературæ иссæй æ царди медес. Æригон ма адтæй, е ’мдзæвгитæ мухури ку фæззиндтæнцæ, уæд. Мæскуй ахур кæнгæй дæр финста зартæ, еуактон пьеситæ, этюдтæ.

Æма тугъди фæсте театри искурдиадæгиндæр артисттæ Асæхи комеди «Усгуртæ»-мæ гæсгæ спектакль ку равдистонцæ, уæд еци устур цау дессаг некæмæ фæккастæй. Мадта берæ æнзти дæргъи театрдзаутæ æмдзæгъд ке кодтонцæ спектакли алли равдисти дæр, е дæр хумæтæги нæ адтæй. Асæх сценæбæл исгъомбæл æй, хуарз зудта, сценæ драматургæй дæр æма актерæй дæр ци домуй, уой. Е еу. Иннемæй ба автормæ комедиографий устур искурдиадæ разиндтæй. Уадзимисæн дзилли ’рдигæй дæр æма аййевадæртасгути ’рдигæй дæр бæрзонд аргъгонд еумæйагæй цудæй æ райдзастдзийнадæмæ гæсгæ. Рохс цума ивулуй сценæй, фæлмæн ирдгæ цума æртухсуй адæймагбæл, циргъзунд дзурди фарнæй цума фæххайгин дæ, æма нурæй фæстæмæ дæ цард фæррæсугъддæр уодзæнæй – дæсгай æнзти дæргъи уæхæн æнкъарæнтæ ’взурдæй театрдзаутæмæ Асæхи «Усгуртæ» фæууингæй.

«Усгуртæ» Асæхи исфæлдистади бæрзонддæр æфцæг исхонæн ес, уомæн æма æ рæстæги литературæ нæ адтæй дуккаг уæхæн уадзимис, Иристони арæнтæй ка рахизтæй æма нæ адæмæн кадæ æма ном ка искодта. Заурбег, Мæдинæ, Хъази, Уари æма сæ лимæнтæ театрдзаути зæрдитæ балхæдтонцæ сæ ирд сагъæстæ, се ’нкъарæнти кæдзосдзийнадæй, фæливд, мæнгард миутæ ке нæ хатир кæнунцæ, нæбæзгæ гъуддæгути хæццæ ке нæ федаунцæ, уомæй.

Комедийæн кæддæриддæр фæууй еу бундор – царди æцæгдзийнадæ, хъайтарти, гъома, адæми æууæнкгун цардиуагæ. Æма ма хорауони цæрун ка исахур æй, адæми гъæр ка нæ лæдæруй, фæсвæдти ка лæгæрдуй, æма уотемæй æхецæй ести ка фæййаразуй, адæймаг сæрустур цæмæй æй, уомæ æнæфсармæй ка ниххелуй, еци нецæййæгти хæццæ карз тох.

Æ дзамани æртæ адтæнцæ, нæ бæсти театрдзаутæ сæ цæстæ кæбæл æрæвардтонцæ, еци драмон уадзимистæ. Еу жанри адтæнцæ финст – лирикон комедитæ, еу адтæй сæ оптимистон уагæ. Еу адтæй сæ хъисмæт дæр – пьеситæ æвардтонцæ бæсти берæ сахарти, миллионгай театрдзаутæ син æмдзæгъд кодтонцæ. Фал сæ амонд æмхузон нæ рауадæй. Асæхи «Усгурты» нæхердигæй гъигæдаргутæ фæцæй æма ин паддзахадæ премии нæ равардтонцæ. Æ фазæнттæ Корнейчуки «Калиновая роща» æма Дьяконови «Свадьба с приданным» хуæздæр амонд иссирдтонцæ.

Устур аргъ искодта номдзуд актер Игорь Ильинский Асæхи пьесæн. Театралон аййевади эстетикæ ка ’ртаста, еци ахургæндтæ Фролов, Ромашов æма иннетæ дæр æй сæ киунугути растудтонцæ. Театралон энциклопедий дæр æй дæнцæн æрхастонцæ, дæсни финст, æцæг комедий комиуолæфт кæми ес, еци уадзимисти хæццæ.

Асæхи драматургийæн ес æхе сæрмагонд менеуæг, иннæ пьесæфинсгутæй æй ка хецæн кæнуй, уæхæн. Героикон тематикæмæ хæстæг нæ цæуй, цардиуаги листæг хабæрттæмæ дæр æ гъос нæ даруй. Уотемæй царди ахсгиагдæр цаутæ æма фæззиндтити хæццæ фæууй федар баст.

Æ сатирикон комеди «Æууæнчы аргъ», æ драмитæ «Тараты Заретæ», «Кæй номæй дæм бадзурон» æма «Базырджынты» драматург аййевади фæрæзнитæй æртасуй æ дзамани ахсгиагдæр фарстатæ. Финсæг царди цаутæмæ ци цæстæй фæккæсуй, æ уадзимисти ци уод бауадзуй, æ хъайтартæ куд æма цæмæй уолæфунцæ, етæ æнгом фæуунцæ, нæййес син кæрæдземæй рартасæн, æма е еумæ райсгæй дзоруй драматурги граждайнаг зæрди уагæбæл, донæн æ тæнгутæ ке нæ агоруй, уобæл. Æхсæнади царди иссеруй рæстæги ресагæдæр конфликттæ, е ’мдогонти æвдесуй удуæлдай тохи.

Неци феронх æй Асæхæй, æ сабийбонти ци бавзурста, æ лæхъуæни бонтæ куд зин æма æвадуат адтæнцæ, уонæй. Æ зæрдæбæл дардта сауæнгæ минкъий хабæрттæ дæр æма си фæстæдæр испайда кодта царди нивтæ æвдесгæй, е ’мдогонти сорæттæ аразгæй.

Хъæбæр зундгонд иссæй æ уацау «Катя». Мухургонд æрцудæй цалдæр хатти. «Мах дуг»-и æй ку рауагътан, уæд газетти фæззиндтæй æрмæгутæ уадзимиси туххæй. Еци дзамани еунæг киунугæ дæр нæ расайдта уæхæн дзубанди, уæхæн дискуситæ. Сауæнгæ ма ’й финсгути еумæйаг æмбурди дæр æвзурстонцæ. Уалинмæ ’й урусаг æвзагмæ ратæлмац кодта нæ номдзуд прозаик Мугъути Хаджимурат. Уацау рацудæй литвайаг æвзагбæл дæр. Цуппар хатти рауагътонцæ «Катя»-йи хецæн киунугутæй.

6

**Зундгонд аййевадæртасæг, Цæгат Иристони аййевади æскъуæлхт архайæг Гæздæнти Зарæ Темболати кизгæ 9 майи исбæрæг кодта æ юбилейон райгурæн бон. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..**

***МАЛИТИ Васо (1938-2017), финсæг: «Нæхе æвзаг, нæхе æгъдæуттæ æма фарнæ мах гъæуама макæд мацæбæл баййевæн. Е уотæ нæ амонуй, æма иннæ адæми æвзæгтæ æма фарни хæзнатæбæл устурзæрдæ уæн, зæгъгæ. Нæ. Фал æхе ка нæ уарзуй, е еске дæр нæ бауарздзæнæй. Дуйнебæл нин нæ фидтæлтæ хуæздæрæн ци ниууагътонцæ, е æй не 'взаг. Уой фæрци нæмæ æрхъæрттæнцæ нæ сугъзæрийнæ кадæнгитæ,***



***Евгъуд цуппæрæни, 15 майи нæ республики Наукон киунугæдони арæзт æрцудæй Гурджибети Блашкай номерæн мадзал. Арæзт ба æрцудæй уой фæдбæл, æма нæ адæми сæрустурдзийнадæ, æхсаргин тугъдон æма алæмæти искурдиадæгин поэт Гурджибети Майрæнсауи фурт Блашка æхсæзинсæй анзей размæ, 1905 анзи 18 июни (зæронд нимадмæ гæсгæ) бæгъатæрæй фæммард æй, уруссаг-япойнаг тугъди архайгæй. Æма æрæги æ номерæнæн ци мадзал арæзт æрцудæй, уоми ин æримистонцæ æ цардвæндаги хабæрттæ, кастæнцæ ин е 'нæмæлгæ уадзимистæ. Мадзал рауадæй цæмæдесаг æма зæрдиуагон, æма уомæй арфиаг æнцæ æ исаразгутæ – дигорон финсгути еугонд, фиццагидæр æ разамонæг Миндзайти Валентинæ, Наукон киунугæдони косгутæ, литературон-аййевадон журнал «Ирæф»-и разамунд.***



# МАДДÆЛОН ÆВЗАГИ АДÆ – ЦАРДИ АДÆ!..

Нæ маддæлон æвзаги ирисхъи фæдбæл нæ дзубанди хумæтæги нæ райдæдтан Гурджибети Блашкай номерæнæн æрæги ци мадзал арæзт æрцудæй, уомæй. Блашка æфсæддон гъуддæгутæ æнхæст кæнгæй, кæд æма хъæбæр æнæевдæлон адтæй, уæддæр сауæнгæ ма тугъдон карз уавæрти дæр æ маддæлон æвзагбæл æновуд адтæй, ирдта равгитæ æ алæмæтдзийнадæ ин æ исфæлдистадæй æргом кæнунæн.

Агъазиауæй-агъазиаудæр тох райтинг æй Сталингради фронти 1942 анзи августи. 17 августи ардæмæ знаг æрбагæлста берæ нæуæг тухтæ, цубур рæстæгмæ бахизтæй Донбæл, æрахæста аст километрей бæрцæ плацдарм æма дууæ дехи ракодта Сталинград гъæуайгæнгути фронт. Немуц æрбакалдтонцæ нæуæг тухтæ, æртеголæ 'нцæ Исси полккитæбæл. Исæфти къахбæл лæудтæнцæ бæхгинтæ еци сахат: знæгтæ сæ фæккодтонцæ сæ цæхæри буни, нæбал адтæй бастдзийнади фæрæзнитæй архайæн дæр. Куд нæ бацудайдæ инæлар катаййи! Уæхæн мæлæтдзаг сахат комкорæн фæййагъаз кодта æ маддæлон æвзаг. Е ба адтæй уотæ:

– Бардзурд раттунæн ес айдагъдæр еу мадзал, – е 'ргъудибæл цийнæгæнгæй ин загъта болкъон Чепуркин.

– Зæгъай, ци мадзал? – æригъуста имæ Иссæ.

– Код: дæ бардзурд иронау раттæ раций дивизитæмæ. Уомæй хуæздæр код нæййес? Немуц æй неци хузи райхалдзæнæнцæ.

– Хъæбæр хуарз æргъуди! – фегъæлдзæгдæр æй комкор æма рацимæ фæдздзурдта дивизий политхайади хецауи хуæдæййевæг дæлболкъон Бритъиай-фуртмæ.

Комкор иронау æргом дзоргæй, æ бардзурд рацийæй афойнадæбæл исæмбæлун кодта, кумæти игъустæй, уордæмæ. Иссæн æхе бастдзийнадæ даргутæй дæр неке равзурста, ци æвзагбæл дзубандигонд цудæй, уой. Е адтæй изæрдалингити. Æмбесæхсæвæмæ полккитæ æма эскадронтæ сæхе атакæмæ бацæттæ кодтонцæ, уотемæй фудголбæл æнæнгъæлти нимпурстонцæ æма сæ ниффалгæрон кодтонцæ.

Ирон æвзаги агъазæй!..

Аци цауæй ке идайæн нæ дзубанди нæ маддæлон æвзаг æма литератури Бони фæдбæл, уомæн ес цалдæр рæуаги. Фиццагидæр, нуртæккæ бæрæг кæнæн нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей бæрæгбон. Æма цæветтойнаг куд нæй, нæ маддæлон æвзаг дæр куд агъаз кодта Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохи. Уой кой кæнгæй ма дзуапп дæттæн, нæ маддæлон æвзагмæ нури уавæрти ма ке кæми гъæуй, зæгъгæ, билæскъелæй ка дзоруй, уонæн. Кæдимайди ба си баруагæс уидæ, не 'взаг маддæлон дæр уомæн хуннуй, æма нæ мадтæлти хузæн нæ рævдаугæ дæр, гъомбæл дæр æма гъæуай дæр кæнуй, агъазгæнæг нин æй. Æма нин кæд нæ мадтæлтæ хъазар æма цитгийнаг æнцæ, уæд нин не 'взаг дæр гъæуама табуйаг уа, ауодæн ибæл, æ цардгъондзийнадæбæл æновудæй архайæн. Анзи дæргъи 'й еунæг бон куддæртæмуддæртæй ма боц кæнæн, фал еудадзугдæр.

Гъе уой фæдбæл æй нæ абони дзубанди дæр. Уогæ си ци зæгъуйнаг ан, уони кой фиццаг хатт нæ кæнæн, фал нæ, гъулæггагæн, игъосæг уоййасæбæл нæ разиннуй. Æма бабæй сæбæл еума хатт дзорæн, кæддæра нæ игъосæг фæууидæ.

## АЛЦÆМÆЙ ДÆР РАСТ ГЪУДДАГ ДЗУРДТАГ НЕКÆД ФÆУУЙ!..

Уой уомæ гæсгæ зæгъæн æма 2018 анзи Паддзахадон Думæ Уæрæсей Федераций «Ахуради туххæй», зæгъгæ, закъонмæ æвзаг ахур кæнуни тухxæй фæткитæмæ ци æййивддзийнæдтæ бахаста, етæ уæди рæстæги дæр хъæбæр исдзурдтаг æнцæ.

Адтæй нæ адтæй, уæддæр Паддзахадон Думæ еци æййивддзийнæдтæ исфедар кодта. Уой дæр – æртиккаг æркасти. Е ба уобæл дзорæг æй, æма Уæрæсей цæрæг аллихузон адæмихæттити зæрдæмæ берæ цæмæйдæрти нæ фæццудæнцæ, хъæбæр исдзурдтаг æнцæ. Фал сæмæ игъосæг ба нæ фæцæй. Уæдæй кæд авд анзи рацудæй, уæддæр абони дæр ма хаттæй-хатт райгъусуй уони нихмæ дзубандитæ.

Фиццагидæр ба уомæ гæсгæ, æма, еци закъони куд нисангонд ес, уотемæй Уæрæсей еугур регионти дæр скъоладзаути барæ ес, ци æвзаг сæ бафæндæуа, уой сæхецæн маддæлонæн равзарун. Æма си бæлвурдæй бæрæггонд æй, циуавæр æвзаг гъæуама равзара – уруссаг, гъома, е Уæрæсей паддзахадон æвзаг æй æма паддзахади медæгæ цæрæг адæмтæн дæр бæззуй маддæлон æвзагæн. Гъе дин гъе!.. Æма ахурдзаутæн сæ зингæ фулдæр хай, уой дæр сæ ниййергути фæндæй, сæхецæн æцæгæйдæр маддæлонæн уруссаг æвзаг ке равзардзæнæнцæ, уобæл æгириддæр нæ секк кæнун. Уомæн æма нуртæккæ дæр хъæбæр ахид скъоладзаутæн сæхецæй дæр æма сæ ниййергутæй дæр фегъосдзæнæ, кæми, дан, æма кæцирдæмæ мæ гъæуй дигорон кенæ ирон æвзаг.

Уотæ ба уомæ гæсгæ фæззæгъунцæ, аци æмæнтъеригæнæг ЕГЭ-мæ гæсгæ ибæл фæлварæнтæ дæттун нæ гъæуй. Æма, дан, уæд ибæл нæ рæстæг цæмæн исафæн. Æма ниффинсунцæ курдиадæ, цæмæй сæ исуæгъдæ кæнонцæ сæ маддæлон æвзаг ахур кæнунæй.

Уæхæн зундирахастбæл хуæст ка 'й, уонæн нур ба заманай равгæ фæззиндтæй: мæнæ ци закъонадон æййивддзийнæдтæбæл цæуй дзубанди, уонæмæ гæсгæ ахурдзауæн æ бон æй æ национ æвзагбæл æма уомæй уроктæбæл исидæун, æма уруссаг æвзаг æ маддæлон исхонун.

Ци загъдæуа?.. Уотæ уайуй, æма кæд дигорон мадæй райгурдтæ, æма дин нæ Исфæлдесæгæй дæ маддæлон æвзагæн лæвæрд æрцудæй дигорон æвзаг, дæ ирисхъи дин кæрæй-кæронмæ дæр айдагъдæр е æй тогæйхæстæг, уæд ибæл нур ба гадзирахаттæй рацо?.. Уотемæй æностæмæ хуæрзбон нæ зæгъдзинан нæ æцæгæй маддæлон æвзагæн?.. Æма уæд е дæ хеуонбæл, дæ тогæйхæстæгбæл гадзирахаттæй рацæуни хузæн нæ уодзæнæй?..

Уæхæн фудракæндæ хæссæг ку нæ уидæ аци æййивддзийнæдти «æргъудидзийнадæ», уæд, æвæдзи, уотæ карзæй æ нихмæ нæ исдзурдтайуонцæ еугур регионти рæстмæгъудигæнæг æма сæ национ уодварни хæзнати сæрбæлтау рæстзæрдæй тухсæг дзиллæ.

Æз æгириддæр уой нихмæ нæ дæн, цæмæй нæ кæстæртæ хъæбæр хуарз зононцæ уруссаг æвзаг, пайдахæссæг син уа сæ цардарæзти гъуддæгути. Мæ дзубанди уобæл æй, æма еци хуарздзийнадæй хайгин уни тухxæй сæхе ма æнæ хай кæнонцæ, нæ адæммæ уоди хъаурæ тухгингæнæгæй цидæриддæр исæнтæстæй æности дæргъи, уонæй. Сæ еу – нæ маддæлон æвзаг.

Æз мæхуæдæг скъолай райдайæн къæлæсти еугур предметтæ дæр фиццаг бал ахур кодтон дигорон æвзагбæл, сæ бундорон медес син уотемæй хуæздæр балæдæрдтайнæ. Ахур кодтон ирон æвзаг дæр. Е мæ æгириддæр нæ бахъор кодта уруссаг æвзаг дæр æма фæсарæйнаг æвзаг дæр æнтæстгинæй исахур кæнунмæ. Скъолай фæсте ахур кодтон Ростови паддзахадон университети – Советон Цæдеси тæккæ хуæздæр цуппар уæлдæр ахургæнæндонемæй еуеми. Уой каст фæууогæй ба, берæ æнзти дæргъи фæккустон, уруссаг æвзагбæл уагъд ка цудæй, уæхæн газетти. Æма, бауæндетæ, æ рæстæги дигорон æвзаг дæр æма ирон æвзаг дæр ахур кæнунбæл берæ рæстæг ке «фесафтон», е мин пайдайæй уæлдай зæран ба æгириддæр не 'рхаста. Уæд нури ниййергутæ цæмæй тæрсунцæ, цæмæн уотæ нифферскъæ унцæ, нæ национ æвзаг нæ нецæмæн гъæуй, зæгъгæ?

## ÆВЗАГ ÆЙ АДÆМÆН Æ УОДИ ЦÆСТУИНГÆ СОРÆТ!..

Уæ зæрдæбæл уин æрлæууун кæндзæнæн нæ Иристони разагъди лæгтæй еу, литератор, тæлмацгæнæг, этнограф Темирханти Сослани мæнæ ауæхæн загъд:



*«Рагæйæрæгæмæ еумæ цæргæ ци адæм æрцудæнцæ, сæ цийнæ дæр, сæ гъигæ дæр еумæ ка æрвиста, етæ царди уавæр æмхузон лæдæрунцæ, алцæмæ дæр еу цæстæй кæсунцæ, алцидæр еу барæнæй барунцæ, æма сæ куд лæдæрунцæ, уомæ гæсгæ арæзт æй се 'взаг, æма се 'взагбæл дзоргæй, хебарæй сæхе зундæй гъуди кæнунцæ.*

*Фал æцæгæлон æвзагбæл ка райдайуй дзорун, е, ке 'взагбæл дзоруй, уони цæстæй кæсуй алцæмæ дæр, æма хебæраги æхе зундæй гъуди кæнун æ бон нæй. Фал е 'уæнгти ке тог зелдох кæнуй, уони 'рдæмæ æ уод тундзуй æма дузæрдуг кæнуй, æ уоди хъауритæ фæйнердæмæ хуæцунцæ*

*аргъæуттæ, зартæ, гъарæнгитæ, æгъдæуттæ. Зæнхæбæл берæ адæмтæ фесавдæй. Агъазиау сахартæ æма галауантæ ка исаразта, уæхæн адæмтæй дæр абони берети нæбал зонæн. Исæфгæ ба фæккодтонцæ, се 'взаг ке фесавдæй, уой устур бæлахæй. Алцидæр иссерæн ес цæрæг уодæн, фал æвзаг ку нæбал уа, уæд е ба æноси исæфт æй. Не 'взаг æй нæ царди уедагæ, æма 'й ма бауадзæн исæскъунун...»*



*æма имæ нæ игуруй уæхæн фæндон, лæги æдæрсгæй кæци архайун кæнуй, æхсарæ си ке фæрци æвзуруй.*

*Уæхæн лæг æхецæн дæр, æ адæмæн дæр ном искæнунгъон нæй, цалинмæ æ райгурæн æвзагбæл нæ райдайа дзорун, цалинмæ адæми зунди сауæдонæй нæ бафсада æхе...»*

Гъе уотæ финста Темирханифурт 1922 анзи æ уац «Зунд æма бархи»-й. Æма цæбæл расагъæс кæнæн мах, абони Иристони цæрæг дзиллæ, е си, мæнмæ гæсгæ, ес. Æ еци уаци Темирхани-фурт уотæ дæр ма финста: «Алли адæм дæр цард куд лæдæрунцæ, уой раргом кæнунцæ се 'взаги фæрци сæ аргъæутти, таурæхъти, кадæнгити, сæ зарти, æмбесæндти æма етæ 'нцæ сæхе зунди сауæдонæ. Етæ цæйбæрцæ гъæздугдæр æнцæ, цæйбæрцæ хуæздæр æвдесунцæ цард æ аллихузти, цæйбæрцæ хуæздæр æртасунцæ сау æма уорс, уойбæрцæ хуæздæр лæдæрун кæнунцæ цард адæмæн, уойбæрцæ ба адæм хъаурæгиндæр кæнунцæ. Адæми æведуйгæ зунди сауæдонæй кæци адæми фæсевæд ниуазунцæ сæ фагæ, етæ сахъ æма ездон фæуунцæ, æдæрсгæй архайунцæ, сæ уодæн нæ тæрсунцæ, æма сæ фæллойнæй, æхсарæй искæнунцæ сæ адæмæн ном.

Фал зундамонæг æма нифсдæттæг таурæхътæ æма кадæнгитæ кæци адæмæн ниууагътонцæ сæ фидтæлтæ, етæ еци зунди сауæдонæй ку не 'фсадонцæ сæ цæуæти, уæд се 'сæфт æрцудæй. Е æцæгæйдæр уотæ ке æй, е бæлвурд раргом æй рагон Грекъи гъуддæгутæй.

Етæ таурæхътæ æма кадæнгитæй гъæздуг адтæнцæ, зундамонæг æма нифсдæттæг, фæсевæди рохсмæ разæнгардгæнгæй, æма цалинмæ Грекъ сæ еци зунди сауæдонæй сæ цæуæти æфсастонцæ, уæдмæ сæ хъаурæ ирæзтæй, æнтæстæй син берæ. Сæ фæллойнæй исбæрзонд кодтонцæ сæ културæ æма сæмæ исæвзурдæй устур ахурадæ, исæвзурдæй сæмæ бæрзонд «аййевдзийнадæ» (искусство), гъома, уой æргъуди кæнуни æма уой искæнуни дæсниадæ, цæстæ кæсунæй цæмæ не 'фсæдуй, гъос – игъосунæй, æма зæрдæ цæмæй рохс кæнуй, рæсугъддзийнадæ ци уарзун кæнуй. Сæребарæй цæргæй, иурстонцæ сæ федауцæ цардиуагæ райгурæн бæстæн, æма сæ бартæ гъæуай кæнгæй сæ дæс мини знæгти сæдæ мини æмпурстонцæ, æма сæ еци фæлтæри устур гъуддæгутæ устур дессагæн байзадæнцæ, еугур адæмтæн нуриуæнгæ дæр ма. Фал, се 'намондæн, сæ ахургæндти астæу фæззиндтæй уæхæнттæ, фидтæлти таурæхътæ æма кадæнгитæ ходæг æма нецæййаг кæмæ кастæнцæ, уонæмæ игъосгæй адæм дæр еци цæстæй райдæдтонцæ кæсун сæ таурæхътæмæ, сæ кадæнгитæмæ, ниууагътонцæ сæ иронхуати, сæ еци зунди сауæдонæй æнæхай фæккодтонцæ сæ цæуæти.

Æма гъе уæд Грекъ æрлæмæгъ æнцæ, сæ хъаурæ басастæй æма æдзæллаггæнгæй се 'знæгти къæхти буни бафтудæнцæ, сæ бæрзонд културæ фесавдæй».

Хуцау нæ уæхæн бæлахæй багъæуай кæнæд, фал си, цума, бустæги æдас нæ ан, уотæ уæмæ нæ кæсуй? Уомæ гæсгæ ба нæ нæ исонибонбæл расагъæс кæнун гъæуй – уотид рæсугъд дзубандитæй нæ, фал гъæугæ гъуддæгутæ аразгæй! Мæскуйæй нин цитæ амонунцæ, етæ æнæмæнгæ æнхæстгæнгæ 'нцæ, фал уодварни хабæртти туххæй ба гъæуама мах дзурд æма фæндæмæ дæр, цит, æригъосæнтæ. Еугæр нæмæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Конституций нæ маддæлон æвзаг ирон æма дигорон диалектти хузи нисангонд æй куд паддзахадон, уæд ин æ еци номмæ гæсгæ æ бартæ къаппæсаппæ маке кæнæд, нæ адæми æвæндонæй.

Мæ аци загъди хецмæрездзийнадæй, бауæндетæ, æгириддæр неци ес. Æз уомæй æвдесун мæ аразидзийнадæ нæ дзилли рæстмæдзорæг адæймæгути хæццæ.

Нæ маддæлон æвзаги абони уавæр æма æ идарддæри карни фæдбæл кæдæй æма кæдæй ардæмæ еци тухстхузæй, еци дзорæги æ цæргæ-цæрæнбæнтти фæдздзурдта рохсаггаг æ сæрбæлтау хъазауатонæй архайæг Хъодзати Æхсар дæр. Æ уацтæй еуеми (1993 анзи) уотæ финста:



*«Не 'взаг цæмæ 'рцудæй, уомæн зæгъæн ес еу дзурдæй: къурцдзæвæнмæ, бæлахи уавæрмæ. Ервæзунæн зонун еунæг хуасæ: ирон æвзаг Иристони гъæуама исуа паддзахадон æвзаг. Нуртæккæ ци æрдæг мадзæлттæ аразæн, етæ устур агъаз фæуüонцæ, е ми не 'руагæс кæнуй. Конституцимæ гæсгæ Цæгат Иристон нимад æй социалистон паддзахадæбæл. Ирæнттæ ба иннæ адæмтæй, фиццаги-фиццагдæр, се 'взагæй хецæн кæнунцæ. Æма еци 'взагæн æхе бæсти æ бартæ æлхъивд ку уонцæ, уæд е цæй паддзахадæ 'й! Зунд кæстæрæй хестæри сæрбæл куд нæй, уотæ адæмтæ дæр сæ бæрцæмæ гæсгæ нæ фæййахедунцæ, фал сæ хуарз менеугутæй. Мадта цума раст æй, зæгъæн, автономон æма цæдесон республикитæн æмхузон бартæ ке нæййес, е? Æрдзи рази нæ еугур дæр æмсæр ан. Минкъий киндзæн устур киндзæй минкъийдæр æгъдæуттæ нæ гъæуй. Уомæ гæсгæ ми федарæй æруагæс кæнуй: еугур республикитæ, национ облæстæ æма хæйттæ дæр гъæуама цæронцæ еухузон уавæрти æма син уа еу разамонæг центр. Æма уæд цæйбæрцæ гъæздугдæр, æнгондæр уайанæ! Еуемæй, кæрæдзей æвзæгтæ хуæздæр зонианæ, иннемæй ба културитæ хъæбæрдæр исирæзиуонцæ, исахедиуонцæ».*

## ÆВЗАГИ ИРИСХЪÆ – ДЗИЛЛИ ИРИСХЪÆ

Хъодзати Æхсарæ дæр æма нæ иннæ исфæлдистадон архайгутæн сæ рæстзæрдæгиндæртæ дæр еци еудадзуг дзурдтонцæ æма дзорунцæ не 'взаги ирисхъи фæдбæл. Уомæн æма, сæ царди сæ исфæлдистадон архайдæн сæйраг фæзуат æнæгъæнæй дæр маддæлон æвзаг кæмæн æй, етæ 'й хуæздæр уинунцæ æма лæдæрунцæ, нæ кæстæртæн не 'взаг уодварнæ ку нæ уа æма 'й зæрдиагæй ку нæ уарзонцæ, уæд исонибони не 'взагбæл ка финса, нæ национ газеттæ æма журналти ка коса, уæхæн нæмæ нæбал уодзæнæй, нæбал нæмæ уодзæнæй национ публицистикæ æма литературæ, аййевадæ... Нур дæр еци уавæр хъæбæр зæрдæдзоргæ ку æй, уæд исонибони ба куд уодзæнæй?..

Уой фæдбæл цал æма цал хатти райгъустæй нæ интеллигенций рæстзæрдæдæр минæвæртти фæдеси гъæр. Зæгъæн, 1966 анзи ноябри мухури фæрæзнити фæззиндтæй фæдздзурд республики Президентмæ (уæд республики разамонæг уотæ хундтæй), Парламентмæ, Хецауадæмæ, нæ еугур адæммæ дæр. Уоми уотæ загъд адтæй:

*«Нæ фидтæлтæ æноси дæргъи сæ еу къохи косæндзаумау хастонцæ, иннеми – тохæндзаумау, уотемæй берæ фæлтæртæн багъæуай кодтонцæ ирон фарни хæзнатæ, аййев æвзаг, цъухæйдзоргæ гъæздуг исфæлдистадæ, уодварни хæрзтæ, кæдзос цæсгон æма æфсарæ. Уæди дзаманти нæдæр финсун зудтонцæ, нæдæр киунуги кæсун. Исæфти, цагъди кодтонцæ хæтгæ-хуæцгæ незтæй, знаги карди æма фати цæфтæй, æма уоййадæбæл Ири дзиллитæ цæйбæрцæ кунæгдæрмæ цудæнцæ, уойбæрцæ зæрдиагдæрæй ауодудтонцæ нæ адæми хæзнатæбæл, уойбæрцæ кæдзосдæрæй игъустæй ирон дзурд.*

*Абони ирæнттæ ахури уагæй цæйбæрцæ æнхæстдæр æнцæ сæ рагфидтæлтæй, уойбæрцæ минкъийдæр ауодунцæ фидтæлти бунтæбæл – хæзнатæбæл, æма уой фудæй цæмæти æрцудан, уони уинæн. Ирон адæми нимæдзæ нуртæккæ æй миллиони æмбесæй берæ фулдæр. Уонæй дзæвгарæ цæруй Уæрæсей алли кæрæнтти æма фæсарæнти, æма син, ка 'й зонуй, ести рæуонæ ес маддæлон æвзаг нæ зонунæн. Фал Иристони цæрæг ирæнттæн ба ци рæуонæ иссерæн?*

*Ахургæндти нимадмæ гæсгæ, нуртæккæ Иристони цæрæг ирон адæмæн айдагъ сæ аст процентти зонунцæ ирон æвзаг. Дзоргæ ибæл, ке зæгъун æй гъæуй, фулдæр адæм кæнунцæ, фал ахуради домæнтæмæ гæсгæ, æвзаг зонгутæ нимад æнцæ, кæсгæ æма финсгæ ибæл ка кæнуй, айдагъ етæ. Уæдта 'й фулдæр адæм зонгæ дæр куд гъæуама кæнонцæ, кæд æма ирæзгæ сабийти хæццæ дзубанди иронау нæдæр бийнонти астæу фæууй, нæдæр сувæллæнтти рæвдауæндæнтти æма скъолати. Сауæнгæ ирон æвзаг æма литератури урокти дæр ахургæнгутæ архайунцæ сувæллæнтти хæццæ уруссагау дзорунбæл!*

*Æ алли къахдзæф дæр айдагъдæр хе уоди пайдайæн ка кæнуй, уæхæнттæ нæмæ абони дзæвгарæ ес, æма сæ койии аргъ дæр нæ 'нцæ, уомæн æма некæд лæдæрдтæнцæ, ци адæми æхсæн рантæстæнцæ, уой уодигъæдæ, уæдта ескæд æй балæдæрдзæнæнцæ, е дæр хъæбæр секкаг æй. Етæ æргомæй фæззæгъунцæ: «Некебал раздахдзæнæй адæми сæ абони нæдтæй. Ке ма гъæуй цидæр маддæлон æвзаг ба?!.»*

*Æ тоги ма ирон гъомус кæмæн фицуй, уонæн ба цæрæн нæййес нæ Фидибæсти, нæ адæми, нæ маддæлон æвзаг æма национ култури исонибонбæл рæстуодæй нæ гъуди кæнгæй. Етæ гъæуама балæдæрун кæнонцæ сæ еузæрдиуон адæмæн абони катайаг уавæр.*

*«Ескæци æвзаг ку рамæла, уæд адæмæн сæхецæн дæр æнæ рамæлæн нæййес», – финста номдзуд Абайти Васо.*

*Нуртæккæ дуйней адæмтæ дзорунцæ æхсæз мин æвзагебæл. Уонæй XXI æноси кæронмæ, ахургæндти нимадмæ гæсгæ, байзайдзæнæй айдагъдæр æхсæз сæди, иннетæ ба рæстæгути æрра муолæнти ранихъулдзæнæнцæ, фесæфдзæнæнцæ. Æвæдæй ка фесæфдзæнæй, еци æвзæгти халæ цæмæй ма рахуæрæн, уой туххæй æвæстеуатæй бакæнун гъæуй цалдæр гъуддаги...»*

## «МАДДÆЛОН ÆВЗАГ ЦИТГИЙНАГ КÆМÆН ÆЙ, ÆЦÆГ КУЛЬТУРОН ДÆР Е ÆЙ...»

Нæ финсгутæ сæ еци фæдздзурди ци æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддæгути кой кæнунцæ, уонæбæл фæстæдæр бæлвурддæрæй дзордзинан, абони ба мæ фæндуй, маддæлон æвзаг аккаг хузи нæ цитгин кæнун æма 'й дæхецæй еуварс кæнун ци фæсмойнаг фæстеугутæ расайуй, уомæн ма еу æвдесæн æрхæссун. Дæс æма инсæй анзей размæ цæгатиристойнаг мухури фæрæзнити фæззиндтæй не 'мбæстон Турки цæрæг ирон лæг Сæбæтхъуати Рамазани уац, кæцими зæгъуй, абони дæр нин расагъæс кæнун кæбæл æнгъезуй, уæхæн гъудитæ. Е финста:

«Æз дæн Турки ирæнттæй, нæ бæстæй бафтуйæг фидтæлтæн сæ фæндзæймаг фæлтæрæй. Нур ма зонæн нæ маддæлон æвзаг, уомæн æма мах, ирон адæм, нæ мадтæлти берæ уарзæн. «Цæмæн уотæ зæгъис, æ мади ка нæ уарзуй?» – ку бафæрсайтæ, уæд дзуапп ратдзæнæн: берæ бæститæбæл фæззилдтæн æма фæууидтон, æ ниййерæги ка нæ уарзуй, æ мади хæдзарæмæ ка нæ уадзуй, уæхæн адæймæгути. Фал æз нæма фæууидтон æма нæ фегъустон – «Мæнæ аци ирон æ мади æ хæдзарæй ратардта!» – кенæ ба – «Æ мадæмæ нæ дзоруй!» Уой туххæй æма махæн нæ мадтæлтæ хъазар æнцæ. Ци нин байамонунцæ, уомæй нæ фулдæртæ нæ рахезунцæ, сæ дзурд син сæ къæхти буни нæ фæккæнунцæ.

Мадтæлти амонуйнæгтæй еу æй нæ маддæлон æвзаг, æма 'й цæмæн кæнæн нæ къæхти буни? Цæмæннæ ибæл дзорæн? «Культурни» ан, æма уомæн. Мæнмæ гæсгæ, маддæлон æвзаг ка зонуй, ка ибæл дзоруй, културон етæ 'нцæ.

Кæмифæнди ку цæрæн, уæддæр махæн, ирæнттæн, нæ ирисхъæ æй дууæ æвзагебæл дзорун: нæхе æвзаг æма, ци адæми 'хсæн цæрæн, еци адæми æвзаг зонун, æма ма никки – æндæр æвзæгтæ дæр. Дæ маддæлон æвзаг хуарз зонæ, инней – лæгъуз, кенæ иннæ æвзаг – хуарз зонæ, дæхе маддæлон æвзаг ба – лæгъуз... Е – нæ! Кæд æма мах еци дууæ æвзагебæл кенæ фулдæр æвзæгтæ хуарз базонæн, уæд æз зæгъдзæнæн, културон ан, зæгъгæ.

Уæхæн æмбесонд уин радзорон. Мæнæ нæ фидтæлтæ Туркмæ ку цудæнцæ, уæд, куд зонетæ, уотемæй кæсæг æма берæ æндæр кавказаг адæмихæттитæ дæр рафтудæнцæ уордæмæ. Уонæй адтæнцæ убыхтæ («убик»-тæ) дæр. Некебал си байзадæй Кавкази зæнхæбæл, уомæн æма сæ паддзах Никъала тæргæ кодта сæ фидибæстæй, Турки султан ба – сæхемæ сæ хонгæ кодта. Турки ку æрцардæнцæ, уæд загътонцæ: «Мах талингæ адæм ан. Исуæн културон адæм». Фал – куд? Рагъуди кодтонцæ, æма сæмæ хуæздæр фæккастæй турккагау дзорун, сæхе маддæлон æвзагбæл дзорунæй. Нурдæр ма си беретæ цæруй, фал хе æвзагбæл дзорæг ба си нæбал байзадæй.

Мæнæн мæ бон нæй сумахæн зунд амонун, æз дæн æцæгæлон бæстаг. Мæнæ – мæ гъуди, мæнæ – ме 'мбесонд. Барæ – уæхе.

Мæ маддæлон æвзаг базудтон, фиццагидæр, мæ мадæй. Гъæуама 'й игъосгæ рацæуæн ниййерæгæй...»

* * *

Уоййадæбæл бал фæууйнаг ан нæ маддæлон æвзаги туххæй мæ абони дзубанди æма 'й идарддæр ба ма ракæнуйнаг ан нæ газети хæстæгдæр номерти.

– Уотæ мæмæ кæсуй, æма нæ маддæлон æвзаги хуæздæр ирисхъи фæдбæл, фиццагидæр, архайун гъæуй, уæдта дзорун дæр. Уомæн æма кадæртæ, уой сæрбæл мæтæ кæнуни рæуонæй, æгæр усхъæзæй хилкъахæнтæ аразун байдайунцæ, æма уой нæ дзиллæн лæдæрун кæнун гъæуй, уомæн æма етæ сæ еци миутæй нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнун æма райрæзти гъуддагæн цæйбæрцæбæл знаггадæ хæссунцæ, уой. Уомæ гæсгæ ба син гъæуама афойнадæбæл карз нихкъуæрд лæвæрд æрцæуа, цæмæй нæхе дæр æма нæ маддæлон æвзаг дæр багъæуай кæнæн нæ медастæу æнæгъæугæ, æведауцæ хабæрттæй.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта***
***САКЪИТИ Эльбрус***

***ТИГИТИ Юрий (1934-2002), финсæг, публицист: «Ирон литератури рæзæдонæбæл адæймаг æ цæстæ ку рахæсса, уæд си, æ рæзæ адгин кæмæн æй, уæхæн къабазгин æма зад бæлæстæ еу æма дууæ нæ фæуундзæнæй. Уæхæн къабазгин æма хуæрзадæ рæзæй зад бæласæй си исфедудта æма нерæнгæ дæр федауй Токати Инуси фурт Асæхи***

# ДЗИЛЛÆН – ФАРНÆХÆССÆГ

Цæмæн рауадæй уотæ бæллеццаг уацауи хъисмæт? Финсæг рæнгъæмæ рахаста тæккæ ахсгиагдæр фарстатæ – адæймаг æма æхсæнади рахастдзийнæдтæ, адæймаги амонд æма æ сæрбæлтау æнауæрдон тох. Автори нимадмæ гæсгæ, æвæлмон цард æгадæ æма тæссаг æй, хæран миутæн бухсæн нæййес, къæрцгъос ун гъæуй кæддæриддæр, уомæн æма зианхæссæг æгъдæуттæ адæймаги сахсæнтæй исбæттунцæ, æма уæд цийнæ, уарзондзийнадæ æма амонд сау мегъти буни фæуунцæ.

Уацауи кæрон амондагорæг кизгæ бацарæфтуд æй. Трагикон нивтæ равдиста финсæг, цæмæй рæсугъддзийнадæ æхе гъæуай кæнун фæраза, æма ибæл макæд бал фæууæлахез уонцæ уодхуартæ.

Аци сагъæстæ сабур нæ уагътонцæ финсæги. Ахид сæмæ раздæхидæ æ уадзимисти дæр, кæд æндæр æрмæгæй испайда кодта, кæд бустæги æндæр адтæй æ исфæлдистадон ихæс, уæддæр. Æ пьесæ «Амондагурджытæ»-йи дæр ес еци гъуди æвæрд.

Берæ æнзти фæккуста финсæг æ имисуйнæгти киунугæбæл. Е адтæй театри анзфинст, æма ескæд гъæуама аккаг бунат иссера нæ литератури. Æ уодæгасæй ма мухури ахид фæззинниуонцæ æ агъазиау прозаикон уадзимисæй хецæн скъуддзæгтæ. Финсæги гъудимæ гæсгæ, уадзимиси гъæуама æвдист æрцудайдæ ирон адæми цард æноси æмбеси дæргъи – хуæнхæгти цардиуагæ, се ’гъдæуттæ, сæ ирисхъæ æма сæ бæлдитæ, социалон æзмæнститæ æма тох сæребари сæрбæлтау. Еци цаути бундорбæл æ зæрди адтæй æ хъæйтарти сорæттæ иснивæндун.

Берæ рæсугъд фæндитæ адтæй Асæхмæ. Сæ исæнхæст кæнун, гъулæггагæн, æ къохи нæбал бафтудæй, фал ин ци бантæстæй прозæ æма драматургий, уæдта иннæ жанрти дæр, уомæй æхецæн дæр æма нæ национ культурæн дæр искодта кадæ æма ном, аккаг бунат иссирдта нæ литератури æма аййевади анзфинсти.

Æнæ зæгъæн нæййес, Асæхæн е ’сфæлдистадон кусти еума къабази туххæй дæр. Финсæг адтæй дæсни тæлмацгæнæг. Дæс æма инсæй пьеси ратæлмац кодта ирон æвзагмæ, уони хæццæ советон драматургти, уруссаг æма фæсарæйнаг классикти уадзимистæ. Сæ фулдæр æвæрд æрцудæнцæ ирон театри сценæбæл – Шекспири «Къарол Лир», «Ромео и Джульетта», Шиллери «Абырджытæ», Гольдоний «Дыууæ æхсины фæсдзæуин», Островскийи «Тæрккъæвда».

…Асæх балций ку уидæ, уæд мæмæ æ хабæрттæ æнæ рафинсгæ нæ уидæ. Сæ еугурей кой, æвæдзи, нæ ракæндзинан, фал æ еу финстæг гъæуама цæмæдесаг уа нæ кæсгутæн дæр. Асæх уæд ахур кодта Мæскуй уæлдæр литературон къурсити. 1955 анзи æстæймаг мартъий мæмæ исæрвиста, æ зæрди уагæ ин ирдæй ци финстæг равдиста, уой.

Идайгæ ба ’й ракодта, фингсути Цæдеси уавæри туххæй имæ ци гъудитæ исæвзурдæй, уонæй. Цæдеси разамунд æ сæйраг гъуддаг, гъома, финсгути исфæлдистадæбæл ауодун, иронхуати ке ниууагъта, æма листæг, æнæпайда фарстатæ лух кæнунбæл ке иселлæг æй, е ин масти хуасæ фæцæй. Æма, мæгурæг, идардæй дæр уой фæдбæл катай кодта.

Идарддæр Асæх финста нæ театр æма драматургий бундорæвæрæг Бритъиати Елбиздихъой ирисхъи туххæй. Еци дзамани бабæй цъифтæ калун байдæдтонцæ нæ номдзуд драматургбæл. «Нæ литератури анзфинст нин исæмæнтъери кодтонцæ, – финста Асæх. – Цæвæг марæги нæбал лæдæруй. Æрвдзæфау нин уодзæнæй, нæуæгæй бабæй Елбиздихъой нæ фудгæнгутæ мæрдæвæрд ку бакæнонцæ, уæд. Къостай фæсте нæмæ уомæй устурдæр финсæг нæййес. «Дыууæ хойы», «Амыран», «Худинаджы бæсты мæлæт» – аййевади æнæмбал хæзнатæ – нæ фурзундгинти хъæппæресæй ку фесафæн, уæд нин е уодзæнæй мæлæт. Урус Бунини бунтæ гъæуай кæнунцæ, кæд æ цард фæсарæнти рарвиста æма нæуæг Уæрæсейæй æ исæфт уидта, уæддæр. Тæходуй æма уруссæгти ку бафæнзийанæ…»

Литературæртасгутæ ке неци æскъуæлхунцæ, сауæнгæ ма Къостай бунтæ дæр куд æнгъезуй, уотæ ке нæма балæмбунæг кодтонцæ, æма уой фудæй Елбиздихъой дæр ке ратонæ-батонæ кæнунцæ, уобæл æй æ сагъæс финсæгæн. Арфиаг адтæй Асæх Епхити Тætæрийæй, Коцойти Арсени исфæлдистадæбæл киунугæ ке ниффинста, уой туххæй.

Хъæбæр тухстæй Асæх Уруймæгти Езетхани зин уавæрбæл. Езетхан ма фæйййервæздзæнæй, æви нæ, е гурусхаг адтæй. Стъалуйæй иссугъдæй нæ литератури арвбæл æма ку рахусса, уæд фенамонд уодзинан. Уæхæн искурдиадæгин адæймагæн ниллæг ковун гъæуй. Кæддæр, дан, ин уотæ ку зæгъинæ, – финста Асæх – Къостабæл цæмæннæ ниффинсис роман? Езетхан, дан, уæхæн дзуапп ку раттидæ: «Æма дин ка загъта, нæ финсун, уой? Цалдæр анзи æрмæг æмбурд кæнун, æма куддæр мæ трилоги финст фæууон, уотæ райдайдзæнæн косун…»

Æвæдзи, Езетхан нæбал исæнхæст кæндзæнæй æ бæлдæ. Æруагæс мин кæнуй, – финста Асæх, – Езетханæй хуæздæр неке исарæхсдзæнæй уæхæн вазуггин æма ахсгиаг исфæлдистадон кустмæ.

Финсæг æхуæдæг ци уодварнæй адтæй хайгин, ци зудта, ци уарзта, цæмæ бæлдтæй æма кæмæ кувта, уони идзаг армæй иурста æ кæстæртæ, æ кæсгутæ æма театрдзаутæбæл. Арфиаг адтæй, не ’хсæн ку цардæй, уæд дæр. Арфиаг æй абони дæр. Арфиаг уодзæнæй исонибони дæр…



ТОКАТИ Асæх (галеуæрдигæй дуккаг) номдзуд уруссаг поэт Александр Пушкини номерæн мадзæлтти (1989 анзи) архайгæй.

# Æ ЦИЙНÆ ÆМА Æ ЗИН



**КОКАЙТИ Тотраз**
Цæгат Иристони адæмон поэт

***– Фиццаг хатт Асæхи, куд цардæгас финсæги, уотæ фæууидтон педагогон училищей ку ахур кодта, уæд. Еци рæстæгути нæмæ ахид нæ цитгин иуазгутæ иссæуиуонцæ, нæ зундгонд финсгутæ. Æма нин хъæбæр æхцæуæн исуиуонцæ уони хæццæ зæрдтагон фембæлдтитæ.***

Токати Асæхæн адтæй æцæгæйдæр поэти зæрдæ – æнæхийнæ, æвæлмас. Кæд естæбæл карз дзоридæ, уæддæр – айдагъдæр æ уоди рæстдзийнади сæрбæлтау. Æнæраст гъуддæгутæ царди берæ ес, Асæхи уод дæр берæ гъезæмæрттæ бавзурста, берæ зинвадуат цæуæнти рауадæй. Фал куд рæстзæрдæ адæймаг, куд æцæг финсæг, уотæ æ нифс некæд басастæй. Сауæнгæ æ фæстаг уолæфти уæнгæ гъæуай кодта æ уоди кæдзосдзийнадæ.

Асæх, зæгъун æнгъезуй, æ алæмæти искурдиадæ мади губунæй рахаста. Уотæ уомæ гæсгæ зæгъун, æма еци мади зæнæгæй Асæхæй раздæр игъустгонд иссæй æ хестæр æнсувæр Алихан – нерæнгæ дæр ма фагæ аргъгонд кæмæн не ’рцудæй, еци агъазиау поэт-символист, æхсæнадон архайæг.

Æхсайæймаг æнзти Асæхи ном махæн, фæсевæдæн, хуарз зундгонд адтæй. Уæлдайдæр ба уомæ гæсгæ, æма æ пьесæмæ гæсгæ спектакль «Дыууæ чындзæхсæвы» кæд еци æнзти сценæбæл æвдист нæбал цудæй, уæддæр æ игъæлдзæг зартæ цудæнцæ цъухæй-цъухмæ. Мадта æ уацау «Катя» ба киунугæй уагъд ку рацудæй, уæд æй адæм кæрæдзей къохтæй æскъафтонцæ.

Фиццаг Асæхи, куд цардæгас финсæги, уотæ фæууидтон педагогон училищей ку ахур кодта, уæд. Еци рæстæгути ахургæнгути фæндадтæй сæ гъомбæлгæнгутæн фулдæр зонундзийнæдтæ раттун, ахурдзаутæ ба бæлдтæнцæ фулдæр базонунмæ. Æма гъомбæладон ахсгиаг фæрæзнитæй еуебæл нимад адтæй финсгути хæццæ фембæлдтитæ.

Абони хузæн мæ цæститi размæ февзурунцæ училищей æмбурдтæаразæн зали агъазиау сцени финги уæлгъос бадгæй хестæр фæлтæри финсгутæ – Дзести Кудзæг, Цæгæрати Максим, Хъайтухъти Геор, Токати Асæх, Плити Грис, Чехойти Сæрæби, Цирихати Михал, Бесати Тазе, уæд ма æригон ка адтæй – Гаджити Геуæрги, Дзасохти Музафер… Цæйбæрцæ кадæ æма æфсарæ адтæй финсæги номи!..

Махæн табуйаг адтæнцæ æма алли фембæлди фæсте дæр фæлхат кодтан се ’мдзæвгити рæнгъитæ. Фæстæдæр Мæскуй М.Горькийи номбæл Литературон институти ахур кæнгæй, уой фæсте ба – нæхемæ телеуинунади косгæй, базонгæ дæн сæ еугурей хæццæ дæр, райстонцæ мæ сæ къуармæ.

Асæх куд хæларзæрдæ адæймаг адтæй, кæстæртæбæл куд зæрдиагæй ауодудта æма ин финсæги ном куд табуйаг адтæй, уой туххæй æрхæсдзинан дууæ цæветтони.

* * *

Е Мæскуй адтæй. Институтæй рацудтæн. Театри бульвари Пушкини фæзæмæ иссудтæн. Еуцæйбæрцæдæр тегъæбæл ралæудтæн, цæмæндæр гæсгæ мæ æмдзæрæнмæ цæун уоййасæбæл нæ фæндадтæй, æма Горькийи гъæунги Сурх Фæзи ’рдæмæ ранæхстæр дæн. Цæун сабургай, кæсун мæ алфамбулай адæммæ, некумæ тагъд кæнун. Адæм тухст æма катайæй дууердæмæ кæнунцæ.

Уæдмæ кæсун, æма уинун зонгæ цæсгон, адæми сæрти цума накæ ’рбакæнуй. Фиццаг ми æруагæс дæр нæ бакодта, кæд, зæгъун, мæ цæститæбæл рауадæй, кæд е нæй, кæд æцæгæйдæр Хо Ши Мин Вьетнами уæди фæтæг æхуæдæг æй. Фал нæ! – нæхе Асæх æй! Е ми не ’руагæс кæнуй, адæми сæрти кæсуй. Куд нæ мæ уина, уотæ имæ мæхе хæстæг ласун. Мæ синæгæй æй сабургай бакъуæрдтон, цума æнæбари. Е æвеппайди фæллæудтæй, хатир корунмæ фæцæй, уæдта мæмæ уæллæй бунмæ ку æркастæй, уæд ниххудтæй:

– Айæ нæхеуон ку дæ, нæхеуон!..

Кæрæдзебæл бацийнæ кодтан, уæдта мин уотæ:

– Переделкиной (финсгути исфæлдистадон хæдзарæ) дæн, бафæлладтæн æнæ ирон загъдæй, мæхе ацирдæмæ раластон, æма дин Хуцау хуарз ракæна – агоргæ æма не ’ссергæ лæг. Куд кæсун, уотемæй ду дæр стонг дæ, æз дæр уотæ, цæуæн еумæ сехуар искæнæн æма иронау дæр радзубанди кæнæн…

Бацудан Юрий Долкорукийи фæзи кафе «Арагви»-мæ. Æхуæдæг цæйбæрцитæ хуардта, фал мæнæн хуæрун кодта. Биццеу, дан, хуæрагæ фæууй, уæлдайдæр студентæй; уомæй дæр – Мæскуй, хæстæгутæй си кæмæ бауайай, е си нæййес. Сауæнгæ ма мин мæ дзиппи æхцатæ дæр рацавта:

– Мæгурæй мин ма тæрсæ, биццеу, гонорар райстон, гонорар – алцæй фагæ дæр мин æнцæ...

**Номдзуд скульптор, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Дзантиати Умари фурт Александри райгурдбæл 15 майи исæнхæст æй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1900-1976).**

*исфæлдистадæ. Æ фæсномуг – Хæса. Баруагæс уи уæд, нæ национ литературæ æнæ Токати Асæхи номæй, æнæ уой базургин исфæлдистадæй нæ исфедауидæ. Асæх æй нæ федар æма æносон астæуцæгиндзитæй, æ сæрустурдзийнæдтæй, æ кадæгæнгутæй, æ курухонтæй, нæ хуæздæр финсгутæй еу...»*



* * *

Искурдиадæгин скульптор Гадати Лазæрмæ (рохсаг уæд) æ рæстæги фæззиндтæй дессаги хуарз гъуди: нæ номдзуд поэт Токати Алиханæн æ райгурæн гъæуи циртдзæвæн исæвæрун. Еухатт бабæй сæрмагондæй иссудæй Мæскуйæй, рандæ ан Дæргъæвсмæ. Фиццаг фæндæ адтæй Алиханæн циртдзæвæн скъолай тургъи исæвæрун. Фал, уоми нæ поэти цирт кæми æй, æ фæллад æстæгутæ кæми æрæнцадæнцæ, е нæмæ хуæздæр рауæн фæккастæй. Цæветтонгæ, æ цирт æй «Мæрдти сахари» сæрмæ къубурбæл. Нæ гъуди адтæй: Къæхтисæри турбазæмæ алли рауæнтæй, сауæнгæ ма фæсарæйнаг бæститæй дæр цæунцæ. Æнæмæнгæ «Мæрдти сахар» бабæрæг кæнунцæ, уордигæй минкъий къахнадбæл исуайæ æма поэти циртбæл дæ цæстæ æрхæссæ, уордигæй ракæсæ, алæмæти искурдиадæгин поэт кæми райгурдæй, еци хуæнхаг гъæумæ. Никки ма дин надамонæг поэти æмдзæвгитæ кæсуй, куд æ маддæлон æвзагбæл, уотæ дæхе æвзагбæл дæр.

Дзубанди кодтан Асæхи хæццæ. Ке зæгъун æй гъæуй, устур æхцæуæн ин адтæй, æгайтима ин æ хестæр æдзард æнсувæри исцитгин кæнуйнаг ан. Загъта: мæ киунугæ гъæуама тагъд мухургондæй рацæуа, æма ин æ гонорар еци гъуддагбæл нæ бавгъау кæндзæнæн, муггаг дæр еуварс нæ уодзæнæнцæ. (Цæветтонгæ, Лазæр поэти исфæлдистадæ уотæ берæ уарзта, æма аци куст лæвар иск æнунмæ гъавта, гъудæй айдагъдæр цидæр минкъий фæрæзнитæ, иннæ гъуддæгутæ кæнуни ма еуварсæрдигæй ка архайдтайдæ, уонæн.)

Лазæр косун райдæдта, мæхе дууæ цæстемæй фæууидтон аци кусти эскиз Мæскуй Манежи равдиститæй еуеми. Фал рæстæг цудæй, нæ медбæсти цардарæзти уавæртæ бустæги ниггалеутæ 'нцæ, удварни гъæздугдзийнæдтæ нимади дæр нæбал адтæнцæ, еуварс райзадæнцæ. Асæхи киунугæ цалдæр анзей фæсте бæргæ рацудæй, фал æ гонорари ба, куд фæззæгъунцæ, цъасæ къапекки уæзæ дæр нæбал адтæй. Асæх ма æ сæр бателидæ æма къæхтибунæй арф ниууолæфидæ.

Уотæ финсæгæн кадæ кæнуни æгъдау бустæги фæккиудтæй, удварни хæзнатæн аргъгæнæг нæбал адтæй, номдзуд лæгтæ ба иронхуати райзадæнцæ…

Фал ми уæддæр æруагæс кæнуй, Алихан æма Асæхи исфæлдистадæн уæддæр ескæд аккаг аргъгонд æнæмæнгæ ке 'рцæудзæнæй, е.

Токати Инуси фурт Алиханæн æ царндæвæндаг, мæгурæг, æгæр цубур рауадæй, рацардæй æдеугурæй авд æма инсæй анзи (1893-1920). Фал ин, куд поэт, драматург, публицист, фиццаг ирон сонет ниффинсæг, тæлмацгæнæг, уотæ ба берæ бантæстæй. Гъулæггагæн, æ финст уадзимистæ еугурæй агурд æма мухургонд не 'рцудæнцæ. Мадта ин хецæн киунугæй дæр уагъд æрцудæнцæ æ рамæлæтæй дууинсæй анзей фæсте.



Цæгат Иристони финсгути къуар: разæй бадунцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) ТОКАТИ Асæх æма ДЗАСОХТИ Музафер; уони фæсте ба – АРДАСЕНТИ Хадзибатр, МАМСУРАТИ Дæбе, ЦИРИХАТИ Михал, ПЛИТИ Грис, ЦÆГÆРАТИ Максим, ДЗАДТИАТИ Тотурбег, ХЪАЙТУХЪТИ Геор.

# «ДЕССАГИ ХУÆРЗУАГОН АДÆЙМАГ АДТÆЙ ДÆБЕ...»

***Токати Асæх нæ финсгути туххæй ци берæ имисуйнæгтæ ниууагъта, уонæй еуей мухур кæнæн.***

* * *

Мамсурати Дæбей фиццаг хатт фæууидтон 1926 анзи æ райгурæн гъæу Будури Дæргъæвси. Уæд æз адтæн Токати Цеппи хæдзари иуазæгуати. Æхсæвæ байзадтæн уонæмæ. Сæумæй нæмæ 'рбауадæй ме 'мгарæ къæбæлдзуг сæр биццеу æ хуæрæн хуæрзбон зæгъунмæ (Цеппи уосæ Бæдинæт адтæй мæ хуæрæ). Биццеубæл адтæй донхуз хæдонæ, урухфадуг сау хæлаф æма салин дзабуртæ. Игъæлдзæгæй радзубанди кодта æ хуæри хæццæ, махæн дæр хуæрзбон загъта æма фæстæмæ фездахтæй: гъæунги имæ æнгъæлмæ кастæй бæхуæрдун.

Мæ къох мин ку иста, айдагъдæр уæд æрæстæфтæн: галеу цонг ибæл нæ адтæй. Ревæд дуси кæрон рони тъунст. Æз къехæй кастæн æ фæдбæл. Тæрегъæд мæмæ кастæй, уæхæн дзæбæх лæхъуæн æнæ цонгæй ке æй, е.

– Ме 'нсувæр æй,– загъта Бæдинæт. – Сахармæ ахур кæнунмæ цæуй. Æ къох ба… Инайагæнæн машинæбæл косгутæн агъаз кодта æма ин æ къох еуæхæни райахæста… Ратудта ин æй… Хуцау ин æй, æвæдзи, уæлдайбæл банимадта æма ин æй райста, мæ уод æ рунтæ рахуæра... Сугъдæг Лæгти дзиуари иуазæг æй Хуцау бакæнæд!

Еци анз Дæбей райстонцæ педтехникуммæ. Уоми адтæй хуарз ахургæнгутæ. Иристони зингæ лæгтæ – Туйгъанти Махарбег, Гуриати Гагудз æма æндæртæ. Етæ сæ цæстæ фæддардтонцæ зæрдæргъæвд биццеумæ.

Æз дæр еци рæстæгути бацудтæн косунмæ киунугутæ æма газеттæ уадзæн типографимæ. Типографий газет «Рæстдзинад» мухур кæнунмæ цæттæ кæнгæй, фиццаг хатт бакастæн Дæбей æмдзæвгитæ. Уоми косгæй, фæууидтон ирон финсгутæй Барахъти Гиной, Къосирати Сæрмæти (етæ кæрæдзей фæдбæл адтæнцæ газет «Рæстдзинад»-и редактортæ), Дзести Кудзæги (е ба адтæй редактори хуæдæййевæг).

Рацудæй анз. Æз бацудтæн ахур кæнунмæ рабфакмæ, уой фæсте Мæскумæ, театри кустбæл ахур кæнунмæ.

Цæгат Иристони 1935 анзи байгон æй паддзахадон театр. Æ фиццаг директор Къосирати Сæрмæт театрмæ хонун байдæдта финсгути. Фæззиндтæй Дæбе дæр. Æрбахаста æ фиццаг пьесæ «Номбæлуоси цæуæт». Театр равдиста еци пьесæмæ гæсгæ спектакль, хъæбæр фæццудæй адæми зæрдæмæ

Уæдæй фæстæмæ театри æнгъæлдзауæр драматургтæй еу иссæй Дæбе. Нæхуæдтæ дæр ин æ гъоси бацагътан, адæм зæрдиагдæрæй кæмæ цæунцæ, уæхæн темитæ. Бæтæйи фурттæ, Æфхуæрдти Хæсанæйи туххæй пьеситæ нифинсæ, зæгъгæ, дæр ин мах загътан.

Дæбе ахиддæр цæун райдæдта театрмæ, кастæй сценикон гъуддаги уавæртæмæ, артистти, режиссерти кустмæ. Е фæббæрæг æй æ иннæ пьеситæбæл. Æ фиццаг драмæ «Номбæлуоси цæуæт»-и ци лæмæгъдзийнæдтæ адтæй, етæ зингæ фæмминкъийдæр æнцæ «Бæтæйи фурттæ»-йи, «Æфхуæрдти Хæсанæ»-йи.

Еу хатт нæмæ дзубанди рауадæй хъæзахаг финсæг Мухтар Ауэзови роман «Абай»-бæл.

Къоста æма хъазахаг поэт Абай Кунанбаевæй сæ искурдиæдтæмæ гæсгæ си уæлдæр кенæ дæлдæр ка 'й, нуртæккæ уобæл нæ дзорæн, фал финсæг Ауэзов æ романи Абайи сорæт исиста хъæбæр бæрзондмæ. Еци романи фæрци Абайи кой райгъустæй еугур дуйнебæл дæр.

– Мадта уæд нæ финсгутæ Къостабæл ци фæффинстонцæ, етæ ба цæмæннæ рахæлеу æнцæ еугур дуйнебæл? – фæрсун Дæбей.

– Кæмæн æ бон ци адтæй, уой кодта, – загъта Дæбе. – Ауэзов Абайи царди листæг хабæрттæбæл нæ цауæн кодта, фал ин æ сорæт исаразта, еугур хъазахаг адæми зунд æма зæрди куд бæрзонд лæууй, уотемæй. Е æхуæдæг исфæлдиста Абайи сорæт. Мах ба Къостайæн æ фæд-фæд зилдан æма урзæй агорæгау æй агорæн, кæми адтæй, ци адтæй, ке хæццæ адтæй… Равналун гъудæй идарддæр… Къоста мæнмæ ци хузæн лæг кæсуй, уой зонис? Данко!..

– Дæбе, цæмæннæ нифинсис Къостабæл роман, – фæрсун æй æма Дæбе гъудити ранигъулдæй, уæдта мæмæ 'рбакастæй æма уотæ загъта:

– Дæ бонæй уай, цæмæй Къостабæл æхе аккаг роман ниффинсай, уомæй гъæуй минкъийæй-минкъийдæр æхе хузæн уодигъæдæ, æхе хузæн цæхæрцæстæ æма æхседгæ зæрдæ… Æз имæ мæ нифс нæ хæссун. Уæхæн устур хъаурæ мин Хуцау нæ равардта…

Цæсгонæй, æфсармæй, æууæнкæй, æгъдауæй – еугуремæй дæр æнхæст адтæй Дæбе. Уæди рæстæги финсгутæй Дæбей неке раййафтайдæ рæдаудзийнадæй. Иуазгутæ уомæй ахиддæр некæмæ цудæй айдагъ Иристони нæ, фал æндæр республикитæй, Уæрæсейæй.

Нæ Фидибæстæмæ 1941 анзи немуцаг-фашистон æрдонгтæ ку 'рбалæбурдтонцæ, раст еци сæрди нæ финсгутæй тугъдмæ ка нæхстæр кодта, уони Дæбе фæндараст зæгъунмæ бахудта æ хæдзарæмæ. Адтæнцæ си театри косгутæ дæр. Косарт нин ракодтонцæ, дессаги фингитæ нин æрæвардтонцæ. Уæллæй нин хестæрæн бадтæй Боцити Барон, æ дæллæй Дæбе æхуæдæг. Мах, тугъдмæ цæугутæ, адтан еу фараст лæги. Хъайтухъти Геуæр æма æз бадтан Дæбе æма Ардасенти Хадзибатæри комкоммæ. Берæ кувдтити, берæ дзубандити фæсте Дæбе исистадæй, ниуазæн æ къохи, уотемæй загъта:

– Кувдмæ, кенæ киндзхон нæ цæуетæ… Устур тæссаг тугъди надбæл уæ фарсмæ бæргæ уайнæ æз дæр. Фидибæстæ багъæуай кæнун æй кадæ æма намуси гъуддаг… Гъема кадæ æма намуси надбæл ранæхстæр уотæ! Сугъдæг Уасгерги уæ фæндараст фæккæнæд! Уæлахезонæй, сæрæгасæй ку исæздæхайтæ, уæдта бабæй мæнæ аци хæдзари, аци финги уæлгъос исæмбæлдзинан…

…Фæстугъд, 1945 анзи сæрди райдайæни еу бон мæ фатери бадтæн. Уæд цардтæн Дзæуæгигъæуи астæу Ленини циртдзæвæни рази дууæуæладзугон хæдзари, хъæрмæдæнттæ кæми уæйæ кæниуонцæ, еци тукани сæрмæ. Фæссехуар адтайдæ, уотемæй дин мæмæ гъæунгæй кадæр ку исгæр кæнидæ мæ номæй. Къæразгæй ракастæн. Фæзи лæудтæй Дæбе æма мæмæ ходгæй дзоруй:

– Асæх, тугъдмæ уæ ку фæндараст кодтон, уæд уин ци загътон, е дæ зæрдæбæл нæбал лæууй? «Уæлахезонæй ку раздæхайтæ, уæд бабæй аци хæдзари, аци финги уæлгъос…» Æнгъæлмæ дæмæ кæсдзæнæн нæхемæ изæри æхсæз сахаттебæл.

Дæбей хæдзари баййафтон, фондз анзей размæ тугъдмæ ке фæндараст кодта, уонæй сæрæгасæй уордигæй ка иссудæй, уони. Сæ фулдæр ма адтæнцæ сæ тугъдон дарæсти, сæ ордентæ æма майданти хæццæ. Æрбамбурд æнцæ синхбæстæ дæр – нæлгоймагæй, силгоймагæй, сувæллонæй. Цийнитæ, хъуритæ, арфитæ, игъæлдзæг дзубандитæй байдзаг æй хæдзарæ. Устур уати бабæй æвæрд адтæнцæ идзаг фингитæ.

Финги уæлгъос Дæбе зæрдхъурмæй æримиста, æ хæдзарæй тугъдмæ фæндараст кæмæн загъта, фал, гъулæггагæн, тугъди будури ка байзадæй, уони рохс нæмттæ дæр.

…Мæнæ ци цаути кой ракодтон, уонæй уæлдай ма мæ бон æй æримисун берæ æндæр хабæрттæ, кæцитæ еумæйагæй æнцæ, Мамсурати Дæбе цæйбæрцæбæл зæрдхæлар, фæлмæнзæрдæ, цæстуарзон æма æфсармгин адæймаг адтæй, уомæн ирд æвдесæн.

* * *

***Токати Асæх æ имисуйнæгтæн кæронбæттæн ци гъудийæй искодта, е хъæбæр æхсицгон æма расагъæс кæнуни аккаг æй нæ еугуремæн дæр. Фиццагидæр, нæ нуриккон финсгутæн: нæхе зундгин æма рауон-циуон æнгъæл уогæй, алкæмæ ни ес Дæбей уодиконди æнгæстæ зæрдихатт?***

**Зундгонд публицист, Цæгат Иристони медицинон академий профессор Плахтий Сергей Якови фуртбæл 18 майи æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи. Уой фæдбæл ин зæрдиагæй арфæ кæнæн!..**

*Дзæуæгигъæуи арæзт æрцудæй театралон фестиваль «Уæлахези классикæ. Фæлтæрти зæрдæбæлдарæн». Аци мадзалæн æ нисанеуæг æй патриотон гъомбæладæ фæйййахедгæдæр кæнун – æригон артисттæ равдесунцæ Устур Фидибæстон тугъди советон тугъдонти бæгъатæрдзийнадæ кадæгæнæг спектакльтæ.*

# АРФИАГ ФÆНДÆ ФЕДАУЦÆЙ ÆНХÆСТГОНД ЦÆУЙ!..




**Хестæртæ ма хуарз гъуди кæндзæнæнцæ, советон æгъдæуттæ æма фæткитæ ма сæ тæмæни ку адтæнцæ, уæд цæйбæрцæбæл зæрдтагондæрæй бæрæггонд цудæнцæ нæ цитгийнаг бæрæгбæнттæ. Уæлдайдæр ба Уæлахези бон – уæд дзиллæ кæми гъæубæстæ еумæйагæй, кæми ба синхгай æрæмбурд уиуонцæ хестæрæй-кæстæрæй. Еумæйагæй фæммийнасæ, фæццийнæ кæниуонцæ. Е син берæ рæстæгути дæргъи уидæ зæрдæхцæуæндзийнадæ.**

**Уæдмæ рæстæгутæ куддæр æнахуртæ кæнун байдæдтонцæ, æма еци æгъдау дæр æрнидæн æй. Фал уæддæр, ка ма 'й æрæййафта, уонæй иронх нæй, æрхун ибæл кæнунцæ. Уæдта ма куд рабæрæг æй, утемæй хестæрти имисуйнæгтæй æй ка зонуй, уонæн дæр зæрдæмæдзæугæ 'й.**



Уомæн æвдесæн иссæй, еци еугурадæмон æгъдау иснæуæг кæнунбæл аци анз зæрдиагæй ке байархайдтонцæ Чиколай Сталини номхæссæг гъæунги цæргутæ. Нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей бæрæгбони размæ района социалон ефтонгкæнуйнади сæргълæууæг **Тускъати Рамазани кизгæ Жаннæ**, агъазгæнæг ба ма ин иссæй **Тускъати Вовæ**, утемæй сæ гъæунги цæргути хæццæ раунаффæ кодтонцæ, цæмæй алли хæдзари размæ дæр æвæрд æрцæуонцæ, биййонтæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг фронти, кенæ фæскъилдуни Уæлахези сæрбæлтау ка бахъиамæт кодта, уони къартæ. Адæм еугурæйдæр уобæл зæрдиагæй исарази 'нцæ, æма гъуддаг арæзт æрцудæй. Гъæунгæ еци къартæй хъæбæр исфедудта.

Мадта 9 Майи бæрæгбон дæр синхбæстæ еумæйагæй исбæрæг кодтонцæ. Гъæунги æвæрд æрцудæй тугъдон-буйрон цæлгæнæн. Еци гъуддаг исаразунбæл байархайдтонцæ **Темурти Тайморaз** æма **Теттойти Дианæ**. Уоми иуазгутæ æма гъæуи цæргути фæххинстонцæ æфсæддон касæй. Хестæртæ кувтонцæ Устур Хуцаумæ, æримистонцæ Уæлахези сæрбæлтау сæ цард нивондæн ка 'рхаста, еци тугъдонти рохс нæмттæ…

– Махæн, аци мадзал исаразгутæн нæ нисан æй, цæмæй Райгурæн бæсти сæрбæлтау тугъди хъазауатонти бæгъатæрдзийнадæ æма æскъуæлхтдзийнадæ иронх ма уа, цæмæй уæлахез æрхæсгути цитгин нæмттæ æностæмæ дзиллити зæрдити цæронцæ, уæлдайдæр ба, цæмæй кæстæр фæлтæртæн уонцæ зæрдтагон æма цитгийнаг. Нур, аци гъæунгæбæл ка рацæуа, етæ уиндзæнæнцæ нæ намусгин тугъдонти цæсгæнттæ… Неке æй иронх, неци æй иронх, – зæгъуй Тускъати Жаннæ.

Æма, махмæ гæсгæ, сæ еци фæндæ арфиаг дæр æй, уæдта хъæбæр ахедгæ æнхæстгонд дæр цæуй.

**ÆРИГÆНТТИ ИСФÆЛДИСТАДÆ**

# «УÆЛАХЕЗ – САБИЙТИ ЦÆСТИТÆЙ»


МÆРЗОЙТИ Доменики конд хузæ «Уæззау тугъд».

Ирæфи района Советони гъæуи астæуккаг скъолай ахурдзаути 'хсæн Уæлахези 80 анзей бæрæгбони кадæн арæзт æрцудæй хузæкæнуйнади конкурс – «Уæлахез – сабийти цæститæй». Скъоладзаутæ ци хузтæ исаразтонцæ, уонæн аргъ кодтонцæ жюрий иуонгтæ: Ирæфи района культури Галауани сæргълæууæг **Махъоти Алик**, методист **Гъуцъунати Батæрбег** æма райдайæн къласти ахургæнæг **Зæгæлти Томæ**. Аци мадзал айдагъ хузтæ кæнунæй нæ рахецæн æй – хъæбæр зæрдæмæдзæугæ рауадæй уомæй дæр, æма си сабийтæ хъæбæр дæсни кастæнцæ Устур Фидибæстон тугъди туххæй финст æмдзæвгитæ.

Конкурси ци хузтæ æвдист æрцудæнцæ, етæ еугурæй дæр аййев адтæнцæ, фал си уæддæр хуæздæртæбæл нимад æрцудæнцæ: **Мæрзойти Доменики** конд хузæ «Уæззау тугъд», райста 1-аг бунат, дуккаг бунат нийййахæста **Анастасия Энвери** конд хузæ «Медицинон хуæрæ», æртиккаг бунат ба нийййахæста **Таухъазахти Викториæ**.

Конкурси архайгутæн æ исаразгутæ балæвар кодтонцæ хузæгæнæн хуарæнти æмбурдгæндтæ.


ЭНВЕР Анастасияйи конд хузæ «Медицинон хуæрæ».


ТАУХЪАЗАХТИ Викторияйи конд хузæ.


Конкурси уæлахездзаутæ.

*Фарс бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ*

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **650**. Заказ **№ 1050**. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 16.05.2025. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 16.05.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е. Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн. Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**